



**Pwogram Biwo Jistis Sivil Vil New York la gen pou bay  
Aksè Inivèsèl nan Sèvis Jiridik  
pou lokatè ki fè fas a degèpisman**

An 2017, Konsèy Minisipal Vil New York la te pase lwa lokal 136, ki kodifye kounye a kòm Chapit 13 Tit 26 nan Kòd Administratif Vil New York, ki yo rele tou lwa istorik dwa pou gen yon reprezantan Vil New York, ki bay Biwo Jistis Sivil la (Office of Civil Justice, OCJ) responsablite pou bay aksè nan sèvis jiridik pou lokatè ki fè fas degèpisman nan tribinal lojman oswa fen kontra lwaye yo nan pwosedi administratif Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA). Lwa a egzije pou Kowòdonatè Jistis Sivil la fè yon odyans piblik chak ane pou resevwa rekòmandasyon ak fidbak sou pwogram sa yo.

**KILÈ EPI KI KOTE ODYANS LAN AP FÈT?**

**Jedi 18 novanm 2021**

**6 P.M. a 9 P.M.**

**Akòz COVID-19, odyans lan ap fèt adistans ak Zoom**

**KIJAN MWEN KA PATISIPE?**

Nenpòt moun ka patisipe nan odyans piblik la anliy oswa nan telefòn. Ou ka bay kòmantè oswa fidbak sou aksè inivèsèl nan pwogram Sèvis Jiridik la pa:



**Odyans piblik**

Ou ka enskri pou pale nan odyans piblik la lè ou rele **929-221-5662** oswa voye yon imèl bay [civiljustice@hra.nyc.gov](mailto:civiljustice@hra.nyc.gov) 17 novanm oswa avan sa. Yo ap rele moun ki ap pran lapawòl yo selon lòd yo te enskri a epi yo ap kapab pale pou jiska twa (3) minit.

**Anliy (videyo ak odyo):** Ale nan <https://us02web.zoom.us/j/89142666567>

Oswa ale nan [Zoom.us](https://zoom.us). Klike sou "Join a Meeting" (Patisipe nan yon Reyinyon) epi antre nan **ID reyinyon 891 4266 6567**

**Pa telefòn (odyo, sèlman):**

Rele **(646) 876-9923**. Lè yo mande ou, antre **ID Reyinyon: 891 4266 6567**



**Lapòs** Ou ka poste kòmantè ekri bay  
Office of Civil Justice / ATTN: HEARING COMMENTS  
NYC Human Resources Administration  
150 Greenwich Street, 31st Floor  
New York, NY 10007



**Imèl** Ou ka imèl kòmantè ekri bay [civiljustice@hra.nyc.gov](mailto:civiljustice@hra.nyc.gov).  
Tanpri mete "Kòmantè Odyans" nan liy sijè imèl ou an.

**DAT LIMIT POU SOUMÈT KÒMANTÈ ALEKRI OU SE 18 NOVANM 2021.**

**SI OU BEZWEN ASISTANS POU PATISIPE NAN ODYANS lan**, tankou yon entèprèt oswa yon akomodasyon rezonab pou yon andikap, ou dwe di nou sa avan **17 novanm 2021**. Rele nou nan **929-221-5662**; voye yon imèl ba nou nan [civiljustice@hra.nyc.gov](mailto:civiljustice@hra.nyc.gov); oswa ekri nou pa lapòs nan adrès ki anwo a.

**YON TRANSKRIPSYON ODYANS LA** Y ap mete yon transkripsyon odyans lan disponib pou piblik la sou sit entènèt OCJ a, [nyc.gov/civiljustice](https://nyc.gov/civiljustice), kèk semèn apre odyans lan.

Pou plis enfòmasyon, al gade nan sitwèb OCJ a, [nyc.gov/civiljustice](https://nyc.gov/civiljustice)